

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa téh kagolong kana mahluk sosial. Minangka mahluk sosial, manusa ngayakeun interaksi jeung manusa séjénna. Interaksi papada manusa téh ngagunakeun pakakas nu disebut komunikasi. Basa mangrupa alat komunikasi dina kahirupan manusa, ogé alat pikeun ngedalkeun eusi haté tur pikiran manusa. Basa mangrupa sistem lambang sora omongan anu arbitrér sarta dihasilkeun ku pakakas ucap manusa kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis) tur ragem (konvensional) antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi manusa (Sudaryat, 2014, kc. 13). Ku ayana basa, panyatur bisa ngalaksanakeun prosés komunikasi boh lisan boh tulisan. Ku ayana prosés komunikasi, panyatur bisa nepikeun informasi atawa maksud ka pamiarsa saluyu jeung kabutuhanna. Ieu hal téh kaasup kana fungsi basa nya éta pikeun nepikeun maksud jeung tujuan, kalayan ngedalkeun gagasan, rasa, ogé pikiran, boh sacara lisan boh sacara tulisan.

Dina ngalaksanakeun prosés komunikasi, sipat urang Sunda dina nyarita tara diucapkeun sajalantrahna tapi sok disebut nyamunikeun basa atawa sok dibalibirkeun. Maksudna, minangka tarékah pikeun nepikeun omongan anu harti jeung sipatna sarua tina rupaning maksud omongan anu dituju. Dina saban basa aya nu disebut babasan jeung paribasa.

Babasan nya éta rakitan basa anu umumna winangun kecap (kantétan) atawa gundukan kecap (frasa) anu susunanna matok tur ngandung harti injeuman (Sudaryat, 2016, kc. 48). Bisa dicindekkeun yén babasan téh rakitan basa nu geus matok tur ngandung harti injeuman.

Nurutkeun Sudaryat (2016, kc. 93) paribasa nya éta ungkara winangun kalimah atawa klausa nu kekecapan katut susunanana geus matok, tur maksudna geus puguh, biasana ngandung harti babandingan minangka siloka lakuning hirup manusa. Bisa dicindekkeun yén paribasa nya éta ungkara anu geus matok anu jadi perlambang lakuning hirup.

Tina sajumlah babasan jeung paribasa anu hirup dina basa Sunda, lamun ditiénan ungkara atawa eusina umumna ngébréhkeun kahirupan urang Sunda (Sumarsono, 2001, kc. 9). Gelarna babasan jeung paribasa patali jeung ngaran nu katénjo, kadéngé, kaambeu, karasa, jeung kapikir. Dina gelarna babasan jeung paribasa loba faktor-faktor anu mangaruhan disawang tina warna unsurna, maksud nu dikandungna, jeung sumber babandingannana. Nurutkeun Sudaryat (2021, kc. 174) dumasar kana sumber babandingan babasan bisa dibédakeun jadi sababaraha wanda, di antarana baé: (1) babasan miraga, (2) babasan misato, (3) babasan mituwuh, (4) babasan mialam, jeung (5) babasan mibarang. Upama dina paribasa nurutkeun sumber babandinganana jadi sababaraha wanda di antarana baé: (1) paribasa miraga, (2) paribasa misato, (3) paribasa mituwuh, (4) paribasa mialam, (5) paribasa mibarang, jeung (6) paribasa milaku.

Tétéla nurutkeun sumber babandinganana mibarang atawa ngaran barang téh salah sahiji bagian tina babasan paribasa. Babasan paribasa ngaran barang nya éta anu nyokot babandingan tina ngaran-ngaran barang (Sudaryat, 2016, kc. 108). Barang-barang anu nyangkaruk dina babasan jeung paribasa tangtuna pagilinggisik jeung kabiasaan masarakat Sunda sorangan. Hal éta luyu jeung pamadegan Nugraha (2012) nu nétélakeun yén babasan jeung paribasa téh sacara gembleng ngandung unsur-unsur lingkungan alam, boh mahluk hirup (manusa, sasatoan, tutuwuhan) boh barang paéh (ngaran barang jeung tempat). Nurutkeun Kusumawati (2016) ungkapan babasan jeung paribasa Sunda raket patalina jeung kabudayaan ogé manusa, lian ti éta loba ogé patalina jeung ngaran-ngaran parabol imah, ngaran pagawéan masarakat Sunda, kasenian Sunda, tatanén, basa, jeung lain sajabana.

Dina gelarna babasan jeung paribasa ngaran barang tangtuna teu leupas tina prosés kabiasaan sapopoé urang Sunda jaman baheula. Dina nyiptakeun babasan jeung paribasa teu kapanggih ku saha jeung irahana, ngan bisa ditiénan tina kaayaan jeung basa nu dipaké dina babasan jeung paribasana.

Kiwari urang Sunda kurang nyangking kana pakeman basa hususna babasan jeung paribasa Sunda mibarang, balukarna babasan jeung paribasa bisa waé leungit. Saluyu jeung pamadegan Tamsyah (1994, kc. 5) panyatur kiwari kurang nyangking kabeungharan kecap basa Sunda. Sumawona kana ungkara-ungkara

anu mangrupa pakeman basa mah, saperti babasan jeung paribasa. Ieu hal téh alatan teu dibiasakeun maké babasan jeung paribasa dina kahirupan sapopoé ogé dina pangajaran basa Sunda. Katitén dina kurikulum 2013 revisi 2017 tingkat daérah muatan lokal, babasan jeung paribasa teu diajarkeun sacara teleb, boh keur SD, SMP, atawa SMA. Ieu hal téh dideudeulan ogé ku pamadegan nurutkeun Rosidi (2018, kc. 7) kurikulum pangajaran keur sakola-sakola henteu manggihan katerangan yén babasan jeung paribasa téh asup kana bahan anu diajarkeun.

Lian ti éta, dina paribasa ogé kalimahna teu sakabéh nyurup atawa nyambung. Upamana saperti dina babasan *didagoan ku sééng nyéngsréng*, sééng mangrupa hiji barang nu dipaké pikeun nyeupan sangu. Lamun dihartikeun sacara langsung hartina bakal teu nyurup saupama barang bisa ngalakukeun pagawéan. Nurutkeun Tamsyah (1994, kc. 27) *didagoan ku sééng nyéngsréng* hartina didagoan ku pangabutuh rumah tangga atawa pangabutuh sapopoé. Saluyu jeung pamadegan nurutkeun Rosidi (2018, kc. 8) paribasa jeung babasan téh kekecapan atawa ungkara kalimah anu kecap koncina geus matok tur miboga harti béda tina harti anu asal, geus jadi kaweruh saréréa da geus jadi banda budaya sakumna masarakat anu ngagunakeun éta basa.

Ditilik tina wangunna, babasan *didagoan ku sééng nyéngsréng* kaasup kana babasan wangun frasa. Nilik kana pangwangunna nurutkeun Sudaryat (2021, kc. 173-174) babasan bisa dibagi jadi tilu bagian nya éta (1) babasan wangun rundayan, (2) babasan wangun kantétan, jeung (3) babasan wangun frasa. Upama paribasa ditilik tina pangwangunna dibagi jadi dua bagian nya éta (1) paribasa salancar, jeung (2) paribasa ngantét.

Dumasar éta hal, katitén yén wangun babasan jeung paribasa miboga adegan unik, katitén béda jeung adegan kalimah séjén dina basa Sunda. Adegan nu ngawangunna rélatif angger, boh dina susunanana, surupanana, boh dina pokpokanana tapi ma'na nu dikandung béda jeung harti asal. Harti babasan jeung paribasa téh béda jeung masing-masing kecap anu ngawangun éta ungkara (Rosidi, 2018, kc. 7). Ieu hal téh dikuatkeun deui ku pamadegan nurutkeun Khodariah (2015) salah sahiji basa anu baku rék éta tina struktur atawa ma'na di jerona. Hal nu nyababkeunana bisa jadi lantaran kabeungkeut ku harti mandiri nu miguraan harti di satukangeun éta ungkara. Ku kituna, kahasan adegan babasan

jeung paribasa perlu ditalungtik sangkan pamahaman ma'na ogé kalimah nu dikandungna bisa kaguar leuwih jembar.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh aya idéntifikasi masalah sarta aya rumusan masalah pikeun ngawatesan masalah panalungtikan sangkan teu lega teuing ambahanna. Aya tilu pasualan utama dina ieu panalungtikan. Anu kahiji, babasan jeung paribasa mibarang kurang dipedar sacara teleb dina pangajaran basa Sunda balukarna réa masarakat ayeuna nu teu apal kana babasan jeung paribasa mibarang. Anu kadua, masarakat loba nu kurang nyangking kabeungharan kecap basa Sunda komo deui dina babasan paribasa nu hartina béda jeung masing-masing kecap anu ngawangun éta ungkara. Nu katilu, dina babasan paribasa kalimahna teu sakabéh nyurup atawa nyambung, ku kituna perlu ditalungtik tina wangun babasan paribasa mibarang.

Pasualan-pasualan nu kaidéntifikasi satuluyna bakal dianalisis sangkan kapanggih hasilna. Ku kituna, pikeun ngungkulan pasualan ngeunaan adegan paribasa diulik maké ulikan léksikosemantik ogé maluruh ma'na babasan paribasa mibarang jeung babasan wangun (rundayan, kantétan, frasa) jeung paribasa wangun (salancar jeung ngantét).

Dumasar kana kasang tukang masalah, aya sababaraha hal anu kudu ditalungtik. Ku kituna, masalah anu ditalungtik dirumuskeun dina sababaraha rumusan masalah dina wangun kalimah pananya saperti ieu di handap.

- 1) Babasan jeung paribasa Sunda naon waé nu ngandung mibarang?
- 2) Kumaha wangun gramatikal babasan jeung paribasa Sunda mibarang?
- 3) Kumaha maksud idiomatis babasan jeung paribasa Sunda mibarang?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Sangkan panalungtikan téh museur, ditangtukeun dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum sangkan maham jeung bisa ngagunakeun babasan jeung paribasa Sunda mibarang, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Ogé ieu panalungtikan téh dilaksanakeunana nya éta pikeun maluruh ma'na léksikosemantis jeung wangun babasan paribasa mibarang nu nyampak dina buku *1000 Babasan jeung Paribasa Sunda* karya Tamsyah, spk. (1994), *Pakeman Basa Sunda* karya Yayat Sudaryat (2016).

1.3.2 Tujuan Husus

Sangkan leuwih museur, tujuan husus nu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun tilu hal, nya éta:

- 1) babasan jeung paribasa Sunda nu ngandung ngaran barang;
- 2) wangun gramatikal babasan jeung paribasa Sunda mibarang;
- 3) maksud idiomatis babasan jeung paribasa Sunda mibarang.

1.4 Mangpaat Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan dijembarkeun kana dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan pikeun ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang tata basa Sunda, nyaéta dina tataran semantik, hususna ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda mibarang.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh bisa méré mangpaat hususna pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé:

- 1) Pikeun guru, hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina ngajarkeun idiom nu geus aya dina kurikulum tur matalikeun kana pangajaran novel Sunda.
- 2) Pikeun siswa, ieu panalungtikan téh bisa mantuan siswa dina maham babasan

jeung paribasa Sunda tina bahan carita novel nu geus dibaca.

- 3) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa méré gambaran ngeunaan pola struktur atawa wangun jeung ma'na léksikosemantis dina babasan jeung paribasa.
- 4) Pikeun nu maca, hasil panalungtikan bisa méré wawaran ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda nu aya patalina jeung ngaran barang.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi mibanda raraga tulisan anu dipidangkeun jadi lima bab.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat tina panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung praktis, jeung wangenan operasional.

Bab II Ulikan Tiori, eusina medar ngeunaan tiori-tiori nu patali jeung wangenan babasan, paribasa, babasan paribasa mibarang, wangun babasan paribasa mibarang sarta raraga mikir anu jadi konsép dina ieu panalungtikan.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina ngawengku désain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil tina ieu panalungtikan, mangrupa jawaban-jawaban nu aya dina rumusan masalah, nya éta ngeunaan harti ogé wangun babasan jeung paribasa Sunda mibarang.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi sarta rékoméndasi pikeun panalungtikan satuluyna.